

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan anu judulna “Konflik Batin Tokoh Utama dina Novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz (Ulukan Struktural jeung Psikologi Kapribadian Humanistik)” miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita sarta aspék psikologi kapribadian humanistik anu aya dina karya sastra nyaéta novél. Obyék dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz nu maluruh struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra). Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori Robert Stanton jeung tiori kapribadian humanistik Abraham Maslow. Métonde anu digunakeun nyaéta déskriptif analitis kalawan téhnik studi pustaka.

Struktur carita anu nyampak dina ieu carita nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana sastra. **Téma** anu aya dina ieu carita nyaéta “kahirupan jeung takdir nu aya patalina jeung jodo, pati, bagja, reujeung cilaka.” Ieu téma téh ngawengku ingetan nu matak nyeri, kaleungitan jalma nu dipikacinta, hayang ngarasa hirup dina kabébasan, putus harepan, kahariwang nu jadi indung, jeung takdir nu moal bisa ditolak. **Fakta carita** ngawengku galur, palaku, jeung latar. **Galur** anu digunakeun dina ieu carita nyaéta galur maju. Dina galur ogé aya tahap pengenalan, tahap timbulna konflik, tahap *konflik memuncak*, tahap klimaks, jeung tahap pemecahan masalah. **Palaku** dina ieu carita aya dalapan urang anu réa kacaritakeun. Tina dalapan urang ngawengku hiji palaku utama nyaéta Rinrin, sarta tujuh palaku tambahan nyaéta Gumilang, Suminar, Bén, Dini, Rudi, Emih, jeung Pa Asép. **Latar** dina ieu novél kabagi jadi tilu, aya latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Aya 11 latar tempat anu kapanggih dina ieu carita, nyaéta di Kebon Bintang, di Partéton, di Sakola, di Cipanas, di Cihanjuang, ka Bar, ka Diskotik, di imah, di kamar, di kontrakan, jeung di juru lapang, aya 13 waktu anu kapanggih dina ieu carita nyaéta poé ieu, sapoé, peuting, tengah peuting, unggal peuting, unggal poé, isuk, beurang, kamari, tilu poé, jeung saminggu. Latar sosial anu kapanggih dina ieu carita nyaéta dina basana ngagunakeun ragam loma, jeung

Ane Ainun Nurlaela, 2021

KONFLIK BATIN TOKOH UTAMA DINA NOVEL PANGANTEN KARYA DEDEDEN ABDUL AZIZ (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI KAPRIBADIAN HUMANISTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kalimah-kalimah anu kamalayon. Kecap “urang” dipaké pikeun nuduhkeun harti kuring. Hubungan sosial budaya jeung masarakatna katitén dina lingkungan pergaulan anu bébas. *Sarana sastra* anu nyampak ngawengku judul, puseur implengan, jeung gaya basa. **Judul** dina ieu novél nyaéta *Pangantén*. kecap ‘pangantén’ hartina sarimbit jelema nu anyar kawin, dina eusi caritana yén Rinrin salaku tokoh utama geus hayang geura kawin. Hayang jadi pangantén. **Puseur implengan** anu digunakeun ku pangarang dina ieu carita nyaéta métode carita jalma kahiji. Ilaharna ngagunakeun téhnik puseur panitén “kuring” salaku tokoh utama nyaéta Rinrin. Pangarang miang tina jihat sawangan rumaja mawa warna basa nu mandiri. **Gaya basa** anu kapanggih dina ieu carita nyaéta loba ngagunakeun gaya basa ngaupamakeun, mijalma, rarahulan, kadalon, rautan, lalandian, jeung ngasor.

Konflik psikologis kapribadian humanistik Abraham Maslow dina tokoh utama kapanggih aya sababaraha hal anu mangaruhan kana kahirupan tokohna. Aya lima tingkatan pangabutuh dasar manusa nyaéta pangabutuh fisiologis, pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh kana rasa cinta, pangabutuh kana pangajén (harga diri), jeung pangabutuh kana aktualisasi diri. Rinrin salaku tokoh utama can bisa nyumponan kana sakabéh aspék tingkatan pangabutuh dasar manusa, ku kituna réa konflik anu karandapan dina kahirupanana. Aya dua pangabutuh kana fisiologis anu kapanggih nalika Rinrin boga hubungan léski jeung Suminar. Dina pangabutuh kana rasa aman kapanggih aya sabelas, pangabutuh kana rasa cinta aya tujuh belas, pangabutuh kana pangajén (harga diri) aya opat, jeung pangabutuh kana aktualisasi diri aya salapan.

Dumasar kana sababaraha pedaran, bisa dicindekkeun yén novél *Pangantén* karya Dédé Abdul Aziz miboga struktur carita anu lengkep, sanajan sacara basa masih loba anu kamalayon jeung maké basa ragam loma. Konflik anu karandapan ku tokoh utama kusabab can bisa nyumponan kana lima tingkatan pangabutuh dasar manusa nyaéta pangabutuh fisiologis, pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh kana rasa cinta, pangabutuh kana pangajén (harga diri), jeung pangabutuh kana aktualisasi diri.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis, ieu panalungtikan tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkéran. Sanajan ieu panalungtikan aya kahéngkéran tina sababaraha aspék, di antarana waktu anu heureut, sumber anu heureut tapi miboga implikasi dina widang páelmaan. Dina kaonjoyanana, ieu panalungtikan dipiharep bisa mawa kana kahadéan, utamana pikeun nambahan pangaweruh jeung kamekaran élmu kasusastraan. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban kamekaran psikologi sastra, hususna dina sastra Sunda, ogé pikeun bahan tinimbangan pamaréntah hususna kanu maca sangkan bisa ngungkulan pasualan dina krisis literasi.

5.3 Rékomendasi

Tina hasil ieu panalungtikan, ditujukeun sababara pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan nyaéta 1) pikeun panalungtik satuluyna, 2) pikeun guru jeung masarakat umum. Panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka hasil tatapakan, sangkan bisa ngeuyeuban hasil-hasil panalungtikan ngeunaan karya sastra hususna psikologi sastra. Kadua, guru jeung masarakat dipiharep bisa maham jeung ngungkulan pasualan-pasualan dina krisis literasi, hususna ngeunaan psikologi sastra.